

SA OU BEZWEN KONNEN SOU TPS POU AYITI

DHS Redistribye TPS pou Ayiti pou 18 mwa, jiska 3 fevriye 2023!

Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS) redeziyen Ayiti pou Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS) soti depi 3 Out 2021 jiska 3 Fevriye 2023.

TPS se yon estati imigrasyon tanporè yo bay moun ki kalifye ki soti nan peyi ke yo seleksyone yo, ki pa kapab retounen lakay yo an sekirite akòz kondisyon oswa sikonstans nan peyi kote yo sòti yo.

Kalifikasyon– Moun ki: se resòtisan Ayisyen, oswa moun ki san nasyonalite ki t'ap viv regilyèman an Ayiti; te toujou ap viv Ozetazini depi 29 Jiyè 2021; epi moun ki te toujou prezan fizikman Ozetazini depi 3 Out 2021, yo ka kalifye pou enskri pou TPS. Gen kèk moun ki ka pa kalifye depan sèten krim ak ofans ki ka diskalifye yo.

Aplike pou TPS premye fwa

Moun ki kalifye yo dwe aplike, ou enskri pou TPS alè. Pou enskri, moun yo dwe soumèt yon aplikasyon konplè ([Fòm I-821](#)), avèk dokiman obligatwa epi frè depo ki aplikab yo, oswa yon demann pou retire frè sa yo, bay Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) pandan peryòd enskripsyon an. Peryòd enskripsyon an se pou seleksyon 18 mwa konplè a, soti nan dat 3 Out 2021 rive 3 Fevriye 2023.

Moun ki gen TPS Dwe Enskri Tou

Moun ki kalifye yo ki te gen TPS ki pwolonje yo akòz zafè tribinal aktyèl yo (nan *Ramos* ak *Saget*) dwe enskri alè pou TPS tou dapre nouvo seleksyon sa a pou yo kapab kenbe TPS yo dapre nouvo seleksyon sa a, kèlkeswa zafè tribinal yo ap dewoule. Pou enskri, moun yo dwe soumèt yon aplikasyon konplè ([Fòm I-821](#)), avèk dokiman obligatwa epi frè depo ki aplikab yo, oswa yon demann pou yon retire frè sa yo bay USCIS pandan peryòd enskripsyon an, soti 3 Out 2021 pou rive 3 Fevriye 2023.

Otorizasyon Travay Ki Gen Rapò Ak TPS

Moun ki enskri avèk siksè pou TPS ap gen otorizasyon pou yo travay jouk 3 fevriye 2023. Pou jwenn prèv otorizasyon travay, yon Dokiman Otorizasyon Travay (Employment Authorization Document, EAD), moun ki kalifye yo dwe soumèt yon aplikasyon konplè ([Fòm I-765](#)), avèk dokiman obligatwa epi frè depo ki aplikab yo, oswa yon demann pou yon retire frè sa yo bay USCIS.



Moun Ki Gen TPS Yo Dwe Chache Asistans Legal Ki Gen Bon Reputasyon

Li enpòtan pou moun, menm avèk estati TPS la, fè ankèt pou wè si wi ou non yo ka kalifye pou nenpòt lòt kalite avantaj imigrasyon epi, si yo pa kalifye, pou yo gade opsyon yo ki afekte tout bagay soti nan ipotèk ak aranjman familyal yo. Pran prekosyon ak raketè yo. Jwenn yon founisè sèvis legal ki gen bon reputasyon tou pre ou nan [iAmerica.org/legalhelp](https://www.iAmerica.org/legalhelp).

Nou ankouraje sendika lokal yo pou yo travay an kowalisyon avèk patnè kominotè yo oswa reprezantan legal yo pou idantifye resous ki nesèsè pou enfòmè ak ede manm yo gade opsyon yo.

Aji, epi Fè Tande Vwa ou!

Pandan sa a se yon bon nouvèl, TPS sèlman bay pwoteksyon tanporè pou imigran ki te viv ak travay nan peyi Etazini pandan plizyè lane, kote anpil nan yo sou premye liy konba kont pandemi COVID la. Aji nan ankouraje Kongrè a bay yon plan pou moun ki gen TPS yo jwenn sitwayènte, Moun k AP Reve yo, travayè nan fèm ak esansyèl yo, ak 11 milyon imigran san papyè ki deja rele Etazini lakay yo. Rele Kongrè a jodi a epi fè zanmi ak fanmi ou yo rele tou: 1-888-204-8353.

